

# SHORT STORIES

by ZEE SWETO

All stories are created by me and no characters ever existed. Its just a way of connecting social life with what is happening in our societies thereby entertaining the general public.

## My Advice

Please varume lets be man from the heart. Musatinyadzise please zvekungotora advantage of everyone. Angouya kuInbox achida help wakutonyenga kana zviri zvako ndezvako but don't take advantage. Ladies ngatishandei and believe in yourself kuti you can m ake it pasina kutora advantage yevarume asi kana wakangwara seuyu yaaah sando dzako. Respect to everyone who is hustling, I love you all, keep the hustle clean, nice and smart.

## HANDIVHARWE ZVEKUDAROO

Nhamo yanga yanditamba chitsvuku ndiri paJoza, ndigaye kuti kudzokera paZim ma1 ndokuzvikanda mumuromomo megarwe apa kunotori negarwe racho. Inini ndaitoziva kuti ndikabaya paZim hapana hapana kutodzokera kunoita musikana webasa kumaYard
apa mari yacho isingatenge.

NekaSmart phone kangu ndaiendawo paAPP nepaFacebook ndairwadziwa kuona vamwe vandakadzidza navo vachiPoster mapictures vachinakirwa vakachena. Ndaingoona kunzi 'current settings' 'dubai life' 'dubai ndizvoo' 'holiday settings' vamwewo vaiti 'vaccation mode' apa vaikanda mapics nevakomana vavo wena inini ndaive ndazviudza kuti until Im settled no boyfriend.

Ndakazoona Hama yangu paFacebook ipapo apa arikuDubai, ndikati zvangu zvaita. Ndakangotanga nyaya yangu wanike composition plus content, history nescience zvese ipapo yaakuuya ndeyekutoti ndisafunge kuendako wena. Ndakabva ndaona kuti ndarohwa 4 kwa 0 and ndakaudzwa kunge munhu arimu grade 4D.


## Contact Information

Email: swetozee25@gmail.com
Phone: +971 543 312 447
/ +263 774 997 917
Website: www.bhoconcept.com

I started thinking of plan B, kuti ndodii pano apa South yacho unorarama in fear, mangwana Xenophobia, nhasi matsotsi apa porisi. Life is SA had proved to be not so good for me hey.

Through facebook I met former classmate aive achangosvikawo ndikati rega ndimutange timbosangana. We met tikakurukura and we both agreed kuti tishande to raise money to go kuDubai.

Handidi kunyepa, to me Dubai was my heaven, everything I saw and learnt about Dubai ndaiona paradise on earth. Totangira papi with our plans dzeDubai was our major question. We both managed to join magroup epafacebook evanhu vekuDubai.

For sometime taionera edu tirikuma terrace zvaiitika mugroup asi takazosvikawo pakutoisawo macomments.

## Hug yandakamupa yaive yakaita sooo



Ndakazokandawo muGroup kuti ndirikudawo information about coming to Dubai, yooooooooo inbox yakaita seichamira kushanda mamessage achipinda. Vaizviti maAgents vaikandawo visa quotations, hanzi I provide visa, airticket, accommodation and taxi from airport.

Vamwewo varume vakati mukana wauya regawo titobatira vakutondinyenga. Semunhu akangwaririra ndakazoti ava blaz vanyanya kunditumira mamessage mira ndivawachise. Ndakazviudza kuti ndikamupa fake love pano anondiudza chokwadi chese. I did just like that and blaz vakamhanya mhanya zvikanzi iwewe chimera inini ndiite visa then wotenga ticket. Ndikati ita. Pafeya ndaisatomuda so ndaifamba naye bit by bit.

Visa rakaitwa ndikatumirwa wena inini kwakubvunza kuti mariitisa marii ndikaudzwa. I told my friend so ndakaisa mari yake paSide equivalent to visa. I bought ticket and had worked for enough money to see me through the first 3 months in Dubai. My dream had come true and I prayed kuti ndiwane basa faster kutiwo nditumire something paden.

Ndini uyo kundege. Inini raitova zuva rangu rekutanga kukwira ndege. Ndaingodzionerawo mudenga tichikura nedziya dziya dzeCloud seeding and ndaisaziva musiyano. I made sure I take pictures ndichipinda mundege and ndaamo. These pictures aitova epaWhatsapp nefacebook and I remember my first post ndakati, 'todzikwira ndege vavengi varipo' kkkkkk zvosetsa asi yaive big achievement kwandiri. Hameno kwenyu but even up to now kwedu kukwira ndege zvoshamisira saka musandibvunza whenever I post ndiri mundege.

Early monaz kuma4.30 ndege yakapindira paDubai baba. Ndakasvika brother veVisa vakamira vachindiona ndikanzi hangaiwa apa vachifara wena. Nechomumoyo ndaingoti handei tione. Ndakapinzwa muTaxi kwakunanga kuSharja ndikanoratidzwa bed space yangu yaitovawo bho futi. Ndakatoona mamwe mazimbo imomo. I was taught kuti basa rotsvakwa sei paDubai ndikadzidzirawo kusvika ndapinda muTune. 1 month dhaaaa no graft wena. Apa ndanzwa nemaWalk in interview ndichingonzi tichakufonera.

Blaz vaya vaiuya manheru vachindivhevhetedza kuti ndinorara kumba kwavo ndaingovati not today. Kwangu ndakamuti nooo not now please.  Ndakazongodeedzwa neimwe family kuti ndizoita trail yebasa remumba ndikati henaroooo ndodonoita madanha, mashura nezviratidzo kuti basa ribude. Ndakamuka kuseni seni ndikageza bhoo, ndikapfugama pabed pangu kamunyengetero paSide kakabva kavharisa.

Ndakasvikotorwa paMall naDriver zvikanzi my boss wants Africans so just be good basa unoriwana. I did all I could do and trials went on well, basa rikabuda.  Vakabva vanditi this week we are going out so unozotanga next week but 1. Meanwhile, give us your passport copy and all relevant documnent tigadzire maPapers.I went home a happy woman hey. Maearphone angu munzeve ndaingoridza Kudzai Nyakudya..ndiyeyu Jesu.

For 2 days blaz vaya handina kuvaona but vaifona vachindiBelievisa but ndaingoona kuti fake munhu arikutodawo kunakirwa uyu. Vakazouya vakaCharger wena zvikanzi we are going together nhasi or else ndorara pano. Ndakaona kuti vakuda kukwidza voice ndikati mira tibude panze. I took my handbag and led the way kwakunogara pamaStairs.

Ainge achiratidza hasha, munongozivawo hasha dzematsotsi dziya kkkkkk. Ndakatora envelope muHandbag with money yaaive ashandisa for Visa and on that envelope ndaive ndakatonyara kuti Visa money. In shock akati chii ichi?

Soft like wool wakati president vedu ED ndakamuti mari yenyu yeVisa iyi. Akada kuita hasha ndikati chimera ndimupedzere manje. Shaaa ndiitirewo mushe, varume makajaidzwa nhai, hamudi kungobatsira munhu neinformation mahara motoda rudo first manje wakazviruza wena handiitwe iyoyo.

Handinyengerwe pafacebook kunge online shop ini. Hapana rudo apa, wakambondinzwa ndichikuti I love since ndakauaya kuno here. Tsveeeeeeeee kunobatsira munhu zviri straight wakutoda zvekubedroom manje ini handitambwe idzodzo. From today usauye pano mari yako iyooo. Handina kupusa zvekudaroooo ndakarerewa namai muvhitori vane tsika gumi nefararira.

Dzakapfugama wena zvikanzi im sorry ndotokuda ini ndorevesa. Ndikadziti okay under one condition ndipe phone yako izvozvi kana pasina musikana waukudanana naye ndokuda izvozvi. Blaz vakapinda chando zvikanzi heeeee zvonetsa anyway tichahotaura. Since that day kusvika nhasi blaz ava never came back to me vanongobhaizawo mabhebhi akadhibha vachienda havaroori.

Shamwari dzangu vasikana kaaa mirai ndikunyeurirei musangovhura pese pese, musanyeperwa, know your value. These guys vekuDiaspora ava vanoda kutora advantage ivo vakasiya vakadzi kumba nevana. You will be shocked and unofa nestress. Better kubudirana pachena kuti kubatsirana chete or kungofara tiri kumadrinks zvopera. Zvimwe izvooo haaa hameno ikoko wakati Killer T.

*Ndomaperero atitikuita hamaweeeeee.......*

...the end.....